ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПАЛЪЭ

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№85 (23.743) ● 2018 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 12, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Медведев Д. А. дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ Правительствэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и Іуэхухэмкіэ и комиссэм и зэІущІэ. Абы хэтащ икІи къыщыпсэльащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

Урысейм и Премьер-министр Медведев Дмитрий дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ Правительствэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщІа Іуэхухэмкіэ и комиссэм и зэІущІэ. Абы хэтащ икІи къыщыпсэльащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ къэрал программэмэкэрэ лъэпкъ проектхэмрэ пхыгъэкІыным и лъэныкъэкІэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и субъектхэм я зыужьыныгъэм и унэгЪыныгъэ нэхъыщхьэхэм, апхуэдэу щыналъэм и Іуэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым и щытыкІэм.

«Кавказ Ищхъэрэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэр лъэныкъуэ куэдкІэ къыхэроху ику иту Урысейм щыізофІагъэхІэхэм. Абы къыхэкІыу къэралым ику иту иІэ зыужьыныгъэм нэсын папщІэ мы щыналъэм нэрылъагъу нэхъ псынщІэу зиужьын хуейщ. Къалэн нэхъыщхьэр щІыхэхэр нэхъ псэуКІафІэ щІынырщ. Абы папщІэ егупыгъэшхуэ хэлъу зэрылэжьапхъэр нэрылъагъуэ. Ар къыщалъытэн хуейщ проект пэрытхэр гъэззэщІэныжкІэ планхэм, псом хуэмыдуу школхэр, егъэфІэкІуэным, щІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным яхуэгъэзащІэм. Хуабжьу гулыитэ хэлъу бгъэдыхьэн хуейщ Кавказым зыхуэбгъэдэн щымыІэ и щІыуэпсым, нэгъуэщІ Іуэху зыбжанэм», - жиІащ Правительствэм и Унафэщым.

Министрхэм я Кабинетым и Іэтащхьэм къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ Кавказ Ищхъэрэм 2017 гъэм гулыитэ хэха зыхуэщІын хуей щыналъэм и статус зэригъуэтар: «Къэрал программэм трагъэкІуэдэну ахъшэр щазфыхуэкІэ федеральнэ ведомствэхэм округым и къыхэщхьэхуКІыныгъэхэр нэхъ нэсу къалъытэн, щыналъэхэм я властхэр езыхэм къыхалъхьэ Іуэхухэм нэхъ куууэ елэжьын, Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ министерствэм а Іэнатіэхэм я зэпыщІэныгъэмрэ зэдзлэжьэныгъэмрэ игъэтэмэмэжын хуейщ».

ЗэІущІэм хэтащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Мутко В. Л., УФ-м егъэджэныгъэмкІэ и министр Васильевэ О. Ю., УФ-м транспортымкІэ и министр Дитрих Е. И., УФ-м спортымкІэ и министр Колобков П. А., УФ-м щІэныгъэмкІэ, егъэджэныгъэмкІэ министр Котюков М. М., УФ-м щэнхабзэмкІэ и министр Мединский В. Р., УФ-м энергетикэмкІэ и министр Новак А. В., УФ-м мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министр Патрушев Д. Н., УФ-м узынщагъэр хъумэныгъэмкІэ и министр Скворцов В. И., УФ-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дзІэпыкъуныгъэмкІэ и министр Топилин М. А., УФ-м къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министр Колокольцев В. А., ведомствэхэм я унафэщІхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

КІуэкІуэ Ю. А. къигъуэващ федеральнэ автомобиль гъуэгум хиубыдэу Шэджэм псым телъ лъэмыжыр зэгъэпэщыжыныр зэман кІэщІым къриубыдэу зэфІагъэкІыну

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. зэІущІэ щригъэкІуэкІащ 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м псыдзэр къыщехьам щыгъуэ зи лъэкъуэр фІилъэсыкІа лъэмыжыр зэгъэпэщыжыным щелэжь щыпІэм деж. Псы икІыпІэм деж федеральнэ гъуэгум щызэкІуэ транспортыр щызэтримыхьэн папщІэ 2017 гъэм дыгъэгъаэзм и пэщІэдзэм пІалъэкІэ къагъэсэбэпыну гъущІ лъэмыж тралъхьауэ щытащ.

ЯтХА къэрал контрактым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, лэжьыгъэхэр 2019 гъэм и мазаем зэфІэкІын хуейщ. Ауэ республикэм и унафэщым къигъэуващ Іуэхум еужьэрэкІыну икІи дызэрыт илъэсым и щэкІуэгъуэ мазэм фІэмыкІыу лъэмыжыр къызэІуахыжыну.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и ухэзнытІгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр Къуныжь В. Хь., «Кавказ» гъуэгур зехьэнымкІэ управленэ» федеральнэ кІэзонэ Іуэхущ Іапіэм и унафэщым и къуэдзэ Гулаков В. В., Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ ТекІушэ А. А., подряд Іуэхущ Іапіэхэм я унафэщІхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Мы махуэм

Бадзэуэгъуэм и 12, *махуэку*

♦ЦІыхухэр къызэрыразшкІ кхъухлъатэхэм я бортпроводникхэм я дунейпсо махуэщ

♦УФ-м щагъэлъапІэ Сурэттехым и махуэр

♦Белоруссием и налог Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1590 гъэм Саратов къалэм и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

♦1641 гъэм Астрахань хъаныдзэм Балъкъ и деж щригъэжІэкІа зауэм зэхІуэдзащ Къундет зэшхэр - Чэлимэтэр Елдаррэ.

♦1783 гъэм Бытырбыху къыщызэІуахащ Театр Иныр, иужькІэ Мариинскэр цІэр зыфІащыжар.

♦1862 гъэм США-м и дзэм къулыкъу щызыщІэхэм хуагъэфащэ дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр - ЦІыхьым и Медалыр - ягъэуващ.

♦1916 гъэм Ямэ дунейпсо зауэм химие Іэщэ - иприт газыр - къыщагъэсэбэпауэ щытащ. Инджылызхэмрэ франджыхэмрэ я дзэхэм яебгъэрыкІызыгъэр къызэпиудын мурадкІэ, дунейм зэи къыщымыхъуауэ, Германием химие Іэщэ Бельгием и къэухэ Ипр деж къыщигъэсэбэпащ. Зауэр щекІуэкІа щІыпІэм и цІэр фІащауэ щытащ а щхъухь лІэужьыгъуэм.

♦1943 гъэм Прохоровкэ къуажэм деж щекІуэкІащ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм щынэхъ гуащІэ дыдэу къалъыта, лъэныкъуитІми я танкхэр щызэпэщІэта зауэр.

♦1988 гъэм Нагорнэ Карабахым и областной совет тым унафэ кьищтащ а щІыналъэр Азербайджаным къызэрыхэкІым теухуауэ.

♦1998 гъэм Франджым футболымкІэ и командэ къыхэхар апхуэдэ лъагапІэ зэи нэмысауэ, дуней псом и чемпион хъуащ. КІэух зэІущІэм ар Бразилием и командэм 3:0-у щытекІуат.

♦2009 гъэм Литвам и президенту Грибаускайте Даля хахащ, а къулыкъум цІыхубз нэхъапэм зи темытаущ.

♦Чилим щыщ усакІуэ, Нобель и саугъэтІыр зрата **Нерудэ Паблэ** (и цІэ дыдэр **Рикардэ Элизер Нефтали Рейес Басуальтощ**) къызэралъхурэ илъэсыр 114-рэ ирокъу.

♦УФ-м, КъБР-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ **ТхьэкІумашэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Уэрэджы Іакіуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Толкуновэ Валентинэ** къызэралъхурэ илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Сценарийхэр зытх, кинорежиссёр цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Лунгин Павел** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Социологие щІэныгъэхэм я доктор, АКЪУ-м и профессор, Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэу илъэс куэдкІэ лэжьа **ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Дзюдо спорт лІэужьыгъуэмкІэ дунейм и чемпион **Лъэцэр Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Домогаров Александр** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу кьыщІэхьынущ. Хуабэр мазаем градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 22 - 23-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 13, *мэрем*

♦Къэзахъстаным щынагъуэнщагъэмкІэ и органэхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Черногориием и къэралыгъуэм и махуэщ. 1878 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м Черногориер къэралыгъуэ щхьэхуиту зэрыщытыр Берлин конгрессым къылытащ. 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м Черногориием къыщызэрыІэтащ фашизмэм, нацизмэм я бий щІыхьэр. А Іуэхугъуэхэрщ лъабжь зэхъуар нобз къэралым щагъэгъэсэбэпащ. Зауэр щекІуэкІа щІыпІэм и цІэр фІащауэ щытащ а щхъухь лІэужьыгъуэм.

♦1882 гъэм Москварэ Петербургрэ япэ телефон станцхэм лэжьэн щыщІадзащ.

♦1908 гъэм Лондон IV гъэмахуэ Олимп джэгухэр къыщызэІуахащ. Абы япэ дыдэу цІыхубзхэри щызэпеуауэ щытащ.

♦1923 гъэм Лос-Анджелес пэмыжыжьэ Маунт-Ли бгы нэкІум «Голливуд» псалъэ цІэрыІуэр тратхащ.

♦1930 гъэм Монтевидео (Уругвай) къыщызэІуахащ футболымкІэ япэ дунейпсо чемпионатыр. Къэрал 13-м я командэ къыхэхахэр хэтащ абы. Уругвайр абы чемпион щыхъуат.

♦1944 гъэм советыдзэхэм Вильнюс къалэр нэмыцэфашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1955 гъэм СССР-м къыщыдэкІащ «Иностранная литература» журналым и япэ номерыр. Хэку зэущхэм ипэкІэ абы зэредзэу щытар «Интернациональная литература» жиІэщ.

♦1990 гъэм къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэр.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр цІэрыІуэ **Пуговкин Михаил** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Новиков Борис** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Хэку зауэшхэм хахуэу хэта совет тхакІуэ цІэрыІуэ, РСФСР-м Горькэм и цІэр зэрихьэу щыІа Къэрал саугъэтыр зрата **Пикуль Валентин** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Адыгэ усакІуэ, тхакІуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарыи и къуэдзэу илъэс куэдкІэ лэжьа **Брай Адэлбий** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Сурэтыщ-график, Бэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз художник **Пащт-Хъан Алим** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу кьыщІэхьынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬэКІэмЫхЪУ Маринэщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхьыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къигъэлъэгъуам хэту ятха кандидат Щэрдан Валерий Нажмудин и къуэм етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2018 гъэм бадзэуэгъуэм 9-м ***Налшык къалэ*** ***№46/1-6***

«Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къигъэлъэгъуам хэту хаха Къэнэмэт Замир Хьэчим и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхьыгъуэм и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщъхьэщахам къыхэкІыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» 2008 гъэм шыщхьэуІуэм и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Іыхьэ 5-м тету икІи «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и бюром и пІалъэр къэмысауэ 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м иригъэкІуэкІа зэІущІэм и протоколым къыхэхатхыкІам ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхьыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къигъэлъэгъуам хэту ятха кандидат Щэрдан Валерий Нажмудин и къуэм (№11) етын.

2. Мы унафэр щІыхьэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь
БОНДАРЕВ Николай

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхьыгъуэм и депутат Щэрдан Валерий Нажмудин и къуэр тхын и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м ***Налшык къалэ*** ***№46/2-6***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхьыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къигъэлъэгъуам хэту ятха кандидат Щэрдан Валерий Нажмудин и къуэм етыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м къащта унафэм ипкъ иткІэ икІи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» 2008 гъэм шыщхьэуІуэм и 5-м къащта Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Іыхьэ 3-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхьыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къигъэлъэгъуам хэту ятха кандидат Щэрдан Валерий Нажмудин и къуэм етыным и Іуэхукіэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхьыгъуэм и депутатым зэрыхахамкІэ удостоверенэр етын.

3. Мы унафэр щІыхьэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь
БОНДАРЕВ Николай

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхьыгъуэм и депутатым зэрыхахамкІэ удостоверенэр етын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхьыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къигъэлъэгъуам хэту ятха кандидат Щэрдан Валерий Нажмудин и къуэм етыным и Іуэхукіэ

Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэным хуэгъэза лэжьыгъэр ирагъэкІуэкІыну хуит зэращІ лицензэхэр тынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм теухуа Положениэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м къыдигъэкІа Указ №97-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэным хуэгъэза лэжьыгъэр ирагъэкІуэкІыну хуит зэращІ лицензэхэр тынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм теухуа Положениэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм «Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэным хуэгъэза лэжьыгъэр ирагъэкІуэкІыну хуит зэращІ лицензэхэр тынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм теухуа Положениэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м къыдигъэкІа Указ №97-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы и пункт 3-м хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэуПІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыпІэныныкІэ и къэрал комитет» псалъэхэр зэхъуэкІын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэуПІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыпІэныныкІэ и министерствэ» жиІэу.

2. Мы Указым хэру егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м
№105-УГ

Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэным хуэгъэза лэжьыгъэр ирагъэкІуэкІыну хуит зэращІ лицензэхэр тынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкІа Указ №13-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэным хуэгъэза лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІыну хуит зэращІ лицензэхэр тынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, «Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэным хуэгъэза лэжьыгъэр ирагъэкІуэкІыну хуит зэращІ лицензэхэр тынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм хэтхэр къыщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкІа Указ №13-УГ-мкІэ къыщтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Чимаев Т. Ж. и къулыкъум зэрезджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэуПІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыпІэныныкІэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэуПІэмкІэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэм и къуэдзэр *(комиссэм и унафэщІщ)*»;

б) ТхьэгъэлэджэМ. У. и къулыкъум зэрезджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэуПІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыпІэныныкІэ и министерствэм и административно-финанс департаментым къэрал къулыкъумрэ кадрхэмкІэ и къудамэм коррупцэм пыщІа Іуэхуэр къэмыгъэхъуныкІэ и секторым и унафэщІыр»;

в) Щоджэн Л. В. и къулыкъум зэрезджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэуПІэм и Іэнатіэм кІэлъыпІэныныкІэ и министерствэм псэуПІэм и Іэнатіэм кІэлъыпІэныныкІэ и къудамэм и Іэнатіэм и департаментым лицензэхэр тынымрэ фэтэр куэд хъу унэхэр зэрызэрахьэм кІэлъыпІэныныкІэ и къудамэм и унафэщІыр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэуПІэмкІэ и къэрал инспекторыр».

2. Мы Указым хэру егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м
№106-УГ

ЩхъуантІагъэхэм яхуосакъ

● Налшык

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Хуабэлыгъейуэ екІуэкІ мы махуэхэм Налшык и «Горэленхоз»-м и лэжьакІуэхэр хуосакъ къалэм и теплъэр зыгъэдахэ удз гъэгъахэмрэ щхъуантІагъэхэмрэ.

ПЩЭДДЖЫжЬыМ жьыуэ псыутх машинэр уэрам нэхъыщхьэхэм ирокІуэ удзэхэм псы тракІэу. Зэрыфлъагъущи, мы гъэм ди къалэ утыку нэхъ инхэм, къулыкъущІапІэхэм я бжэлупэхэм, парихэм розэ нэхъыбэ итщ.

Илъэс зыбжанэ ипэкІэ щІыпІэ-щІыпІэхэм щыхасаугъэ щыта розэ хужьыбзэхэм, тхьэмбылыфэхэм мы гъэм куэдыкІейуэ къахэхутащ пкъынэ пльыжьым и фэм ещхь розэ лІэужьыгъуэщІэхэр. Абыхэм къудамэ зырызуи, жыг теплъэуи уарохьэлІ. Гъэгъахэм елэжь ІэщІагъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, ахэр ди щІыпІэм сыткІи йоззгъ, сыт хуэдэ хуабэми хъарзынэу пощІэтщ. ИтІанэ къалэм и языныкъуэ щІыпІэхэм, псом хуэмыдэу сату щІапІэхэм я бжэлупэхэм, щыдолъагъу пкъынэ зэмылІэужьыгъуэхэр, юкъ хужь пльагэхэр, «Дамаск и розэкІэ» зэрэж жыг гъэгъахэр. ГъэщІэгъэнрауэ, щІэуэ яуэуэ уиэ зэтетхэм я бжэлупэхэм мэжджьтжьыгъэр нэхъыбэу щыхасажу хуежьащ. Сыт хуэдэу хуабэу бадзэуэгъуэр къытлъымыхьами, ди щхъуантІагъэхэм яхэгъуэкІа урихьэлІэгъкъым, ар «Горэленхоз»-м и лэжьакІуэхэмрэ унэ зэтетхэм щыпсэухэмрэ я фІыщІэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ХъыбарегъащІэ

Адыгэ щэнхабзэм и фестиваль Израилым къыщызэІуах

Израилым и адыгэ жылэ Кфар-Камэ гъэ къэс къыщызэрагъэпэщ Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалыр 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 13 - 14 махуэхэм екІуэкІынущ. Мы гъэм абы хэтынущ Адыгэ Республикэм щІыхубэ кьафэмкІэ и «Налмэс» къэрал академическэ ансамблыр.

ГУФІЭГЪУЭ зэхьыхьэшхуэр махуитІкІэ екІуэкІынущ. Ямэ махуэм хуэмурэм дэс хьэрычэтыщІэхэм, Іэпэлъэсхэм я Іэдакъэщ Іэкіэр утыку къыщрахьэну гъэлъэгъуэныгъэ щыІэнущ. Пщыхьэщхьэм «Налмэсымрэ» Кфар-Камэ и «Ди псэ» ансамблымрэ уэрамым джэгу дахэ щызэхашэнущ, нэхъыжьхэм кьыхадзэрэ щІэблэм кьыпащэу. ЕтІуанэ махуэм щІыху мини 5-м щІигъу кьрихьэлІэу езы фестивалыр къызэІуахынущ.

Махуэшхуэм кърагъэблагъащ Урысей Федерацэм и лІыкІуэу Израиль къэралыгъуэм щыІэ Викторов Анатолий, УФ-м и консулу Хайфэ къалэм щыІэ Попов Игорь, Тель-Авив дэт Урысей щэнхабзэ центрым и унафэщІ Пархомчук Денис сымэ, нэгъуэщІхэри.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Къанжэр и бзэ токІуадэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профессиональнэ союзхэм я организацэхэм я зэгухьэныгъэмрэ 2016 гъэм мазаем и 1-м къыдагъэкIа унафэ №10-ПП/2-1р-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№123-ПП/23-5р

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м *Налшык къалэ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм» и Союзымрэ **унафэ щII**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профессиональнэ союзхэм я организацэхэм я зэгухьэныгъэмрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ сабийхэм зегъэгъэпсэхуным, я узыншагъэр егъэфIэкIуэнымрэ ахэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ теухуауэ» 2016 гъэм мазаем и 1-м къыдагъэкIа унафэ №10-ПП/2-1р-м мы къыкIэпыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэх:

а) 1-нэ пунктым:

етIуанэ абзацым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэ» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэ» жиIэу зэхъуэкIыным;

ещанэ абзацым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэ» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэ» жиIэу зэхъуэкIым;

б) 4-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэ» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэ» жиIэу зэхъуэкIым;

в) 6-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъныныкIэ и къэрал комитетым» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъныныкIэ и министерствэм» жиIэу зэхъуэкIым;

г) 8-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэм» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэм» жиIэу зэхъуэкIым;

д) 9-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэ» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэм» жиIэу зэхъуэкIым;

е) 12-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэм» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэм» жиIэу зэхъуэкIым;

ж) 13-нэ пунктым:

етIуанэ абзацым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэм» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэм» жиIэу зэхъуэкIым;

ебланэ абзацым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэм» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэм» жиIэу зэхъуэкIым;

з) 19-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэщым и ипэ къуэдзэ Дадэ М. А.» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэщым и къуэдзэ Мовсисян Г. О.» псалъэхэр зэхъуэкIым.

2. Сабийхэм зегъэзэпсэхуным, я узыншагъэр егъэфIэкIуэнымрэ ахэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ зи пщэ дэлъ Правительство комиссэу къздгъэлъэгъуа унафэмкIэ къащтам мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Правительствэм и комиссэм мы къыкIэлъыкIуэхэр хэгъэхьэн:

Мовсисян Г. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр *(Правительствэм и комиссэм и унафэщIщ)*

Геккиев С. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэм и къуэдзэр

Къуэшуфэ А. Ж. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкIэ и министрым и къуэдзэр;

б) Асанов А. У. и къулькъым зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министр *(Правительствэм и комиссэм и унафэщым и къуэдзэщI)»*;

в) Чимаев Т. Ж. и къулькъым зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъныныкIэ и министрым и къуэдзэ»;

г) Правительствэм и комиссэм къыхэзгъэкIыжын Алэкъуей А. М., Тюбеев А. И.

3. Сабийхэм зэрызрагъэзгъэпсэху, я узыншагъэр зэрыгъэфIакIуэ, ахэр IэнатIэкIэ къызэрызэрагъэпэщу щIыкIэу къздгъэлъэгъуа унафэмкIэ къащтам мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) 7-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэ» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэ» жиIэу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэ» жиIэу зэхъуэкIым;

б) 8-нэ пунктым:

ипэ абзацым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэ» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэ» жиIэу зэхъуэкIым;

етIуанэ абзацым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъныныкIэ и къэрал комитетым» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъныныкIэ и министерствэ» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъныныкIэ и министерствэм» жиIэу зэхъуэкIым;

в) 9-нэ пунктым:

ипэ абзацым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэ» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэм» жиIэу зэхъуэкIым;

пункт къудзэхэу «б», «в»-хэм хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъныныкIэ и къэрал комитетым» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъныныкIэ и министерствэ» жиIэу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэ» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэм» жиIэу зэхъуэкIым;

г) 12-нэ пунктым и пункт къудзэхэу «а», «б»-хэм хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэ» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэ» жиIэу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэ» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэм» жиIэу зэхъуэкIым;

д) 14-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэ» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министерствэ» жиIэу зэхъуэкIым;

е) 15-нэ, 17-нэ пунктхэм, 18-нэ пунктым и ипэ абзацым, 22-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэ» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэ» жиIэу зэхъуэкIым;

ж) 31-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэ» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министерствэ» жиIэу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъныныкIэ и къэрал комитет» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъныныкIэ и министерствэ» жиIэу зэхъуэкIым;

з) 3-нэ гуэдзэным хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министрым» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министрым» жиIэу зэхъуэкIым;

к) 3-нэ гуэдзэным хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министрым» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэухуэмкIэ и министрым» жиIэу зэхъуэкIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий
«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм» и Союзым и Унафэщ АМЦЫКЪУЭ ФатIимэт

● Хъыбар гуапэ

Аспирантхэм дипломхэр иратыж

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым иджыблагъэ щекIуэкIащ зэIущIэ гуапэ. Ар теухуат аспирантурэр мы гъэм къэзыухахэм дипломхэр етыжыным.

АБЫ зыкъраГъэхьлIащ Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Нэгъуей Залымхъан, абы и къуэдзэ Улаков Махъты, щIэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым и унафэщI Абазэ Алексей, кафедрэхэм я Іэтащхьэхэу БищIо Борис я Аккиевэ Светланэрэ, институтым и профсоюз зэгухьэныгъэм и унафэщI Уощро Рубен, щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэ Шэрджэс Заретэ, аспирантхэр, абыхэм я щIэныгъэ унафэщIхэр, ныбжьыщIхэм я Іыхьлыхэр.

ЗэIущIэр къызэIуихащ Нэгъуей Залымхъан.

- Аспирантурэр къззыухахэм япэу дипломхэр етыну аращ мы гъэм. Нэхъапэм ар къызэраухам щыхьэт техъуэ тхьылъымпIэ кIапэт яIэрыхьэр, - жиIащ Нэгъуей Залымхъан. - Фи щIэныгъэ лэжьыгъэм пыфIэну фи мурадхэ, ди гуапэу дывдэIапькъуныщ. Къыхэфха гъэзгум ехъулIэныгъэфIэхэр фиIэу фытетыну, фи цIэр ди щIыналъэм и мызакъуэу, хамэ къэралхэми щыIуну сыныбохъуэхъу. Апхуэдэу фIыщIэшхуэ яхуэфащэщ ныбжьыщIэхэм ядэлажьэ ди щIэныгъэлI гумызагъэхэми.

Абазэ Алексей къыщыпсалъэм къыхигъэщащ аспирантхэр егугъуу зэреджар, КъБР-м и Іэтащхьэм къыбгъдэкI стипендие ныбжьыщIитIым зэрыратыр, абыхэм еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ Іуэхущ Іапи зэхуэмыдэхэм Іэщ Іагъэлі нэсхэу зэрызыкъащагъэльагъуэр.

Дипломхэр иратыжащ институтым бзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр къэзыухахэу Сокъур Замирэрэ Гергоковэ ФатIимэрэ, тхыдэмрэ археологиемрэ - Куэцэ Эльберд, Гериевэ ФатIимэ, Жэрыщты Анзор сымэ.

- Си мурадщ си кандидат диссертацэр пхызгъэкIыну, - жиIащ диплом зратыжахэм ящыщ Куэцэ Эльберд. - Ар зытеухуар XX лэщIыгъуэм икуэм, XXI и пэщIэдзэм ди лъэпкъ щэнхабзэм Тыркум щIа щытыкIэрщ, абы игъэта зэхъуэкIыныгъэхэрщ. Абы сфIэгъэщIэгъуэн дыдэу селэжьащ, ауэ иджыри сигу хуэзэгъакъым. Мыгувэу Тыркум сыкIуэну си гугъащ, си лэжьыгъэм зыхущыщIэхэр хэслъхьжыну. Апхуэдэу и щхьэкIэ зи гугъу сщIэхэр къызэкъулIэмэ, еджэным докторантурэм щыпсыщэну сыхуейт.

Тхыгъэри сурэтри зейр
ТАБЫЩ Динарэщ.

● Тэрч щIыналъэ

Іуэхущ Іапи Іэм и зэфIэкIым хохъуэ

«Тэрчналмэс» АО-р мы зэманым ящыщщ налмэс Іэмэпсымэхэм елэжьу Урысейм и Іуэхущ Іапи Іэхэм я нэхъыфIхэм.

ИЛЪЭСИЩ ипэкIэ АО-р хагъэхьат нэгъуащI къэралыгъуэхэм я продукцхэм я пIэм иувэн яГъэхъэзырыну пщэрыльэ зыщащIа Іэнатіэхэм. Абы Іьандэрэ ар мэлажьэ Іэмэпсымэ хъэзырхэм я мызакъуэу быдагъ ин зыхэль гъущI пластинэхэмрэ вольфрам карбид Іьалъэмрэ гъэхъэзырным теухуауэ Урысей Правительствэм кIыщта программэ щхьэхуэм тету. Зи гугъу тщIыр лъабжьэ хуэхъунущ ди къэралым и машинэхуэу, гъущIым елэжь предприятэхэм я Іуэхур есфIэкIуэным, ахэр дунейпсо утыку ихьэным.

«Тэрчналмэсым» апхуэдэу зэгурыIуэныгъэ ящIыIащ Урысейм и «Станкопром» зэгухьэныгъэмрэ «Ростех» къэрал корпорацэмрэ. Иужьрейм и къудамэхэр УФ-м и щIыналъэу 8-м щолажьэ. «Тэрчналмэсым» къыщIыгъэкIынущ абыхэм я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэлыну Іэмэпсымэ нэхъыфI дыдэхэр. Іуэхущ Іапи Іэм эзэфIэкIыр къэплъытэмэ, ахэр зыхуеину Іэмэпсымэхэм я процент 80-р абы къыщIигъэкIыфынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гу зылъытапхъэ

ЦIыхухэм къащыпэплъэнущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым игъуващ езым и игъэIэпхъуэ егъэблэгъапIэм а хабзэхъумэ Іуэхущ Іапи Іэм и къудамэхэм я унафэщI къулыкъущIэхэр 2018 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щыщIэну зэманыр

Щрагъэблэгъэнур	Езыгъэблагъэхэр	Зэманыр
Май районым щыIэ Октябрьскэ къуажэм и щIыпIэ администрацым и унэм	Федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныныкIэ управленэм и унафэщI **Къаскъул А. Ф.**	Бадзэуэгъуэм и 16-м сыхьэт 11 - 13-хэм кьриубыдэу
Прохладнэ къалэм и прокуратурэм и унэм	Къэрал кIуэцI Іуэхуэмкіэ органхэмрэ суд приставхэм я Іэнатіэмрэ ирагъэкIуэкI уголовно-процессуальнэ лэжьыгъэм кIэлъыплъныныкIэ къудамэм и унафэщI **Мэсей А. Хь.**	Бадзэуэгъуэм и 31-м сыхьэт 11 - 13-хэм кьриубыдэу
Тэрч районым щыIэ Хьэмидей къуажэм и администрацым и унэм	Коррупцэм пэщIэтыныныкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныныкIэ къудамэм и унафэщI **Жамырзэ А. В.**	Щышхьэуфым и 17-м сыхьэт 11 -13-хэм кьриубыдэу
Шэджэм районым и прокуратурэм и унэм	Урысейм и СК-м и органхэм щIэпхъаджагъэхэр зэрызэхагъэкIым кIэлъыплъныныкIэ и къудамэм и унафэщI **Мизиев М. Т.**	Щышхьэуфым и 24-м сыхьэт 11 - 13-хэм кьриубыдэу
Аруан районым и прокуратурэм	Уголовнэ тезырхэр щрагъэхьэкIкIэ законкэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныныкIэ къудамэм и унафэщIым и **Тэнащ М. Ю.**	Фокіадэм и 11-м сыхьэт 11 -13-хэм кьриубыдэу
Прохладнэ районым щыIэ Пролетарскэ къуажэм и администрацым и унэм	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыкъызэрыхуагъазэхэм хэплъэныныкIэ, цIыхухэр ирагъэблагъэныныкIэ, хабзэхэр гурагъэIуэныкIэ и дэIэпыкъуэгъуэ нэхъыжь **Зэкіуерей З. Хь.**	Фокіадэм и 28-м сыхьэт 11 -13-хэм кьриубыдэу
Іуащхьэмахуэ районым и администрацым и унэм	Федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныныкIэ управленэм и унафэщIым и къудзэ **Соттаевэ Ж. Т.**	Жэпуэгъуэм и 3-м сыхьэт 11 - 13-хэм кьриубыдэу
Лэскэн районым и администрацым и унэм	Коррупцэм пэщIэтыныныкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныныкIэ къудамэм и унафэщI **Жамырзэ А. В.**	Жэпуэгъуэм и 5-м сыхьэт 11 - 13-хэм кьриубыдэу
Бахъсэн районым и прокуратурэм	Граждан, арбитраж Іуэхуэм прокурорхэм хэтныр къызэгъэпэщынныкIэ къудамэм и унафэщI **Туменовэ Э. Б.**	Жэпуэгъуэм и 11-м сыхьэт 11 - 13-хэм кьриубыдэу
Дзэлыкъуэ районым и прокуратурэм	Уголовнэ-суд къудамэм и унафэщI **Чеченов Б. Ш.**	Жэпуэгъуэм и 11-м сыхьэт 11 - 13-хэм кьриубыдэу
Шэрэдж районым и прокуратурэм	Федеральнэ шынагъуэншагъэмкIэ, лъэпкъэм я зэхущытыкIэхэмкIэ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщIэтыным хэзынэтIа законкэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныныкIэ къудамэм и унафэщI **Шурдым А. Ю.**	Жэпуэгъуэм и 18-м сыхьэт 15 - 17-хэм кьриубыдэу
Іуащхьэмахуэ районым и прокуратурэм	Уголовнэ тезырхэр щрагъэхьэкIкIэ законкэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныныкIэ къудамэм и унафэщI **Къуэкъуей А. О.**	Щэкіуэгъуэм и 2-м сыхьэт 15 - 17-хэм кьриубыдэу
Бахъсэн къалэм и администрацым и унэм	Федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныныкIэ управленэм и унафэщI **Къаскъул А. Ф.**	Щэкіуэгъуэм и 30-м сыхьэт 11 - 13-хэм кьриубыдэу
Май районым и прокуратурэм	Федеральнэ шынагъуэншагъэмкIэ, лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщIэтыным хэзынэтIа законкэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныныкIэ къудамэм и унафэщI **Шурдым А. Ю.**	Дыгъэгъазэм и 5-м сыхьэт 11 - 13-хэм кьриубыдэу
Шэджэм районым и прокуратурэм	Коррупцэм пэщIэтыныныкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныныкIэ къудамэм и унафэщI **Жамырзэ А. В.**	Дыгъэгъазэм и 14-м сыхьэт 11 - 13-хэм кьриубыдэу

КъБР-м и прокуратурэ.

● Щыуэпс къэхутэныгъэхэр

Хыжьей Гъущэм и щэхухэр

КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущ Іапи Іэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, ди республикэм и тхыдэм щыпэу щыщIагъэнысхэр джым щыщIадзащ. А еджапIэ нэхъыщхьэм геологиемкIэ, биологие зэмылIэужьыгъуагъэхэмрэ геоэкологиемкIэ и кафедрэм и щIэныгъэлIэхэр иджыблагъэ хыжьей Гъущэм (Кёлькетчкен) щыIащ икIи абы къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ.

ГЕОГРАФИЕ щIэныгъэхэм я доктор Шагин Сергей зи унафэщI гупым хэтащ зи гугъу тщIа кафедрэм и егъэджакIуэхэу Хьэтіэхъу Іэубэчыр, Емуз Людмилэ, Бэрэгъун Еленэ, Татаренко Николай, КъБР-м щыIэпсым и къуеиныгъэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм дыкъэзыухъуреихь дунейм и хъугъуэфIыгъуэхэр къэгъэсэбэпныкIэ и къудамэм и Іэщ Іагъэлі пажэ Бэлагъы Мурат сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЩIыпIэр зэрыкъуейщIейм къыхэкIыу, мы Іуэхум егугъуу зыхуагъэхьэзыращ. Захуабзэу еупсыка къырхэм я лъащIэхэм нэсехьн папщIэ, гупым альпинист Іэмэпсымэхэр кьагъэссебэпащ. Ауэ, итIани, абыхэм МЧС-м и къегъэлъагъуэ зыхуагъэзыращ. Сыту жыпIэмэ, зекIуэ гъугъуэгъуэ зэдытехьахэр ехьн хуей хъущ метри 120-м къыщыщIдзауэ метри 180-м нэблагъэ зи кууагъ бгъуэщIым. Кьыхьэгъэщынщи, кьат 20-у зэтет унэм и лъагагъыр метр 64-м нэблагъэ кьудейщ.

Еджагъэшхуэхэм къхуэтэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкIащ, хыжьей Гъущэм и лъащIэри и Іуфэхэри кьаплъыхьащ. Здеха кумё куум абыхэм кьрахащ зыщхьэпIа мьавз лІэужьыгъуэхэм хуэдэхэр. Абы къыхэкIыуи, жьIтІэ хъунущ географие щIэныгъэр ипэкIэ яГъэкIуэтэнкIэ гугъэ уэзыгъащI пкъыгъуэхэу лабораторэм ахэр зыщелэжьынухэр Іэщ Іагъэлізхэм яаІэрыхьауэ. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIи, абыхэм я мыхьэнэр инщ, бгыльэ щIыналъэхэм я зэхэлъыкIэр джыныжьэ, ди республикэм и щIыналъэхэр дегъэхьэхьынымкIэ, нэгъуэщI Іуэхугъуэ щхьэпэзэкмкIи.

ЗекIуэр зэхэзышэхэм, Бэрбэч Хьэтіутіэ и цIэр зезыхьэ Къабардей-Балъкъэр къэрал университетым кьыбгъэдэкIыу, фIыщIэ инхуащI Урысейм и МЧС-м ди республикэм щиІэ и къудамэм и къэлъыхъуакIуэхэгъэгъалакIуэ гупым, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIым къаэзрыдэІэпыкъуэм папщIэ.

ФщIэн папщIэ: хыжьей Гъущэр зэрыт мащэр Шэрэдж псыр щежэх ныджэм метри 180-м нэскIэ щхьэщыІэтыкIащ. Ар языхэзщ мы Іэгъуэблагъэм уэзыщрихьэлІэ щIыщIагъэпс инхэм ящыщу 4-м. Ауэ, хыжьей Гъущэр, псыуэ итыр зэрымащIэмкIэ, адерейхэм къащхьэщокI. Мыбы метр 357-рэ хуэдиз и кIыхьагъщ, метри 120-м нэблагъэ и бгъуагъщ, и нэхъ кууупIэр метри 187-рэ, и нэхъ чэнжьупIэр метри 123-рэ мэхъу.

Хыжьей Гъущэм ехьэлІауэ ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм кьрикIуэнухэм ди еджагъэшхуэхэм дяпэкIи щыгъуазэ дыхуащIыну дащоугъ.

КЪУМАХУЭ Асльэн.



● Іуащхьэмахуэ къэбзагъэм

Къабзагъэм йогугъу

«Уи гъунэгъум дэIэпыкъу» фIэщыгъэм щIэту илъэс къэс Іуащхьэмахуэ къэбзагъэкIуэкI Іуэхум мы махуэхэм къыпащащ.

СЫЖАЖЭ Алим зи пашэ гупым зэщIагъэхъэбзащ Іуащхьэмахуэ къэбзагъэм уэсыр зэрытекIрэ къыщIэщауэ илъ кIэрыхьбжьэрыхухэр. Мы Іуэхум жьыджэру хэтщ Іуэхущ Іапи Іэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, студентхэр, еджакIуэхэр, кьабзагъэм телажьэ жылагъуэдзэхэр. Сыжажэм къыззэрыкиГащащIэкIэ, Іуэхум хэтыну хуейхэм я бжьыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ зыщщIугфIыкIыпхъэр ди щIыналъэм и зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэм я кьабзагъэм кIэлъыплъэн зэрыхуейр ди цIыхубэми ди деж зыгъэпсэхуакIуэ къалцIыхуэхэми кьагурыIуэу зэрыхуежьарщ.

Іуэхур щаубла кьудейм зэ зэщIэкъуэгъуэм пхъэнкIий тонни 10-м нэблагъэ ирашу щытамэ, мы Іуэхум зэщIащыпар 1 тонным нэс кьудейщ. «Уи гъунэгъум дэIэпыкъу» жэрдэмымкIэ къалэну зыхуагъэувыжыр дыкъэзыухъуреихь дунейм и кьабзагъэр хъумэным и мызакъуэу, гулъытэ зыхуэщIыпхъэ дэтхэнэ зы Іуэхуми цIыхур ешэлІэнырщ, абыхэм я зэхэщIыкIыр кьэлэтынырщ.

БЕЗЫР Ленэ.

КъБКъУ-м и студентхэм я тхыгъэхэр

Адэ-анэм я гум девмыгъауэ

Щыпэу пІэрэ адэ-анэр фІыуэ зымылъагъу, абы-хэм я гум ежэлІэн псалъэ жагъуэ езыпэсыф бын? Хьэуэ, щыІэн хуейкъым апхуэдэ.

● Бын гупсысэхэр

СИ АДЭ-АНЭ Зауррэ Анжеллэрэ зэгурыІуэу, зэдэІуэжу зэдопсэу. Абыхэм бынипл1 зэдагъуэтащ икІи я гъащІэр яхь, ахэр гъэсэныгъэ яхэлъу къэгъэтэджыным, зыхуей хуэгъэзэным хущІэкъуу, Псом хуэдэжкъым анэр. Абы и гур сытым дежи быным и гъэсащ, аращ ар нэм щІыхуагъадэри.

Сэ сыхуейкъым гъащІэм и дахэ, и Іэфі псори си анэм и закъуэ еспхыну, адэр къыкІэрызгъэхуну. «Си щхьэ, си псэ нэхъыфІщ» жимыІэу, быныр зыхуей дызэрыхуигъэзэным хущІокъу ди адэр. Адэ-анэм я дежкІэ насыпщ мы дуней зэхэзэрыхьам быныр гъэугу пэж теувэныр, Іуэху щхьэпэ куэд ялэжьныр. Аращ ди нэхъыжьхэри къызэрытхуэхъуапсэр.

ГъащІэр темыпІэу мажъ, ди адэ-анэм яхуэфащэ гулъытэ хуэхутІыну зэман къыхэдмыгъэкІыфу. Мыпхуэдэу захуэзгъэзэну сыхуейщ си ныбжь щІалэгъуалэм: «Дывгъэхъумэ адэ-анэр, псалъэ жагъуэкІэ я гум девмыгъауэ. Адэ-анэр къытщхьэщытхыу, ди япэ итыху дэ дыкъулейщ».

ПЭРЫТ Замирэ.

Болэтей къуажэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм и унафэщІ Пэщол Іэсият къызыхуигъэщІа Іэнатіэщ зыбгъэдэтыр хужьпІэныр хуабжьу къоззгъ. Егъэлеи лъэпкъи мы Іэхуэм хэлъхьым: а цІыхубзым щэнхабзэр и псэщ, и гъащІэщ, и дунеищ.

И псэ, и гъащІэ, и дуней

● Щапхъэ

ЩЫСАБИЙМ щэнт цІыкІур пшынэу «зыгъэбзэрабзэу» щыта Іэсият Ботэщей къуажэм (арат къыщалъхуари щаІари) дэт курыт еджапІэр фІы дыдэу къиухащ. Пщащэм дэнэкІэ иунэтІми щеджэфынут, аущ абы и псэр зыхэлъыр щэнхабзэрати, Налшык къалэ дэт культпросвет училищэм 1979 гъэм щІэтІысхьащ. Еджэгъуэ зэманыр псынщІэу блэлъэтри, Іэсият Болэтей къуажэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм и худоожественнэ къызэгъэпэщакІуэу къагъэкІуащ. Лэжьэн щІэзыдзагъащІэ пщащэр зыпэрыхьа лэжьыгъэм хуэІэн кунт. Абы занщІэу гу къыпытащ а зэманым кубуажэ библиотекэм и унафэщІу лэжьа Мэремкъул Женя икІи лэжьыгъэм тригъэгушхуэу чэнджэщ щхьэпэ куэд къритащ, сыткІи гъэзугъэльагъуэ къыхуэхуащ. Гъэш фермэкэм «Красный уголок» къыщыззрагъэпэщу, концертхэр щату, гуащІэдэкІым и цІыхур щагъэлъэпІэ зэманти, Іэсият зыми хуэмыщхьэхьу, нэхъыжьхэм я жьІэм щІэту, лэжьыгъэр дахэу иришэжьащ.

1992 гъэм Пэщолыр яГъэуващ Щэнхабзэмкіэ унэм и унафэщІу. Іэсият хуабжьу фІэфІт сабийхэм ядэлэжьэныр, школым, сабий садым я унафэщІхэм запищІэри, къэфакІуэ-уэрэджьыІакІуэ гуп къызэригъэпэщащ. А цІыкІухэм и гумрэ и псэмрэ етауэ инджьипсту ядолажьэ унэм и художественнэ къызэгъэпэщакІуэ, пшынэуэ Іэзэ Дадэ Нинэ. Щэнхабзэмкіэ унэм и гъэсэнхэм кьахэкІащ жьлэр зэрыгушхуэ, республикэми зи цІэр фІыкІэ щыІуа Сэбан Сослъан.

Емызэшьжщ Іэсият. Илъэс къэс абы къызэрегъэпэщ «Нанэхэм я зэпеуэ», «Дадэхэм я зэпеуэ» хьэлэмэтхэр, зы махуэшхуи абы гулъытэншэу блигъэкІыркъым. Къинэмыщ1Іауэ, «Хабзэм и къуэпсыр жьжьэ къыщожьэ» фІэщыгъэр зиІэ гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэт щолажьэ Щэнхабзэмкіэ унэм.

Сыт хуэдэ Іуэху къиримыхьэжьэми, Пэщолым дапщэщи и дэлэпыкъуэгъущ къыкъуэт и гупыр. Апхуэдэущ абы и лэжьэгъуэху Дадэ Нинэ, Балъкъэр Іэсият, Джазэ Рае, Хьэшыр Эммэ, кьуажэ библиотекэм и лэжьакІуэхэу Къуэдзокъуэ Оксанэрэ Балъкъэр Галинэрэ.

Адыгэ хабзэр, щэнхабзэр, анэдэлъхубзэр хъумэным, абыхэм зегъэужьыным телажьэ гупым дохъэхъу лъэпкъ Іуэхум эрагъэужьу адэкІи узыншэу я Іэнатіэм пэрытыну.

БАЛЪКЪЭР Рузаннэ.

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Гулъытэ хэха щегъуэт

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къызыхуэтынышэу къызэрэпэщыным мы лъэхъэнэм дэнэкІи гулъытэшхуэ щрат. А Іуэхум теухуа лэжьыгъэ щхьэпэжьэр щокІуэкІ Бахъсэн щІыналъэм. Гъэмахуэ мазэхэм къыриубыдэу школ лагерхэм зыщагъэпсэхунущ сабиищэхэм.

ЦІЫКІУХЭМ я зыгъэпсэхугъуэр нэгузыужьу къызэгъэпэщыным хуэгъэпсауэ егъэджэныгъэмкІэ щІыналъэ Іэнатіэм иубзыхуа программэ хэхам тету, Къулъкъужьи Ищхьэрэ къуажэм дэт курыт школым щылэжьащ «Дыгъэ цІыкІу» лагерыр. Мазэ блэкІам къриубыдэу абы зыщагъэпсэхуащ сабий 80-м щигъуэм. Аэрэ гуп-гупу гуэшауэ щыташ, я ныбжьым елъытауэ.

Лагерым и гъэсакІуэхэм лэжьыгъэшхуэ драгъэкІуэкІащ сабийхэм. Зэрылэжьэну план хэхахэм япкъ иткІэ, абыхэм я пщэ илът цІыкІухэм я нэгу зегъэужьынри, я къуэхьым, зэхэщІыкІым хэгъэхъуэнри, эстетикэ, хэкупсэ гупсысэкэм хуэущиинри. А Іуэхугъуэхэм къадэкІуэу, сабийхэм драгъэкІуэкІащ спорт, щэнхабзэ зэпеуэхэр, апхуэдэу лагерым щылэжьащ гупжьей зэмылІэужьыгъуэхэр. Ныбжьыщ1эхэм я зыгъэпсэхугъуэр гукъинэ ящыхъуным я зэфІэкІ ираухьэлІащ школым и волонтёрхэмрэ «Юнармия» сабий жьлагъуэ зэщІэхъеенытыгъэм жьыдэкъу хэтхэмрэ. Абыхэм гупжьей хэхахэр ягъэлэжьащ, Іэпщ1эпъащІагъэм, театр гуэзджьэм, нэгуэщІ Іуэхугъуэхэмэ ехьэлІауэ.

Шэч хэмылъу, «Дыгъэ цІыкІу» лагерым щыІа сабийхэм мы гъэмахуэр ягу фІыкІэ къинэнущ. Ар абыхэм я дежкІэ дэрэжьэгъуэмрэ гукъэджьымрэ я лъэхъэнэ хьэлэмэтт.

ШЫГЪУШЭ Маринэ.

ЦІыхугъэ лъагэ зыхэлъ

Къызыхэкіа лъэпкъым жыдэжьру хуэлажьэхэм ящыщу си къуажэгъу, егъэджакІуэу илъэс куэдкІэ лэжьа Шал Къэралбий.

ШАЛЫР 1936 гъэм Къэрэгъэш къуажэм къыщалъхуащ. Зи сабиигъэр, щІалэгъуэр зауэ, абы и ужь лъэхъэнэ хьэлъэм хуэза Къэралбий езым хуэдэ минхэми ещхьу гугъуехь куэд и нэгу щІэкІащ. Ерыщу а псоми япэщІэтри, и лъагъуэ гъащІэм щыпхишыжащ. 1957 гъэм абы курыт школыр къиухащ, зэфІэкІрэ хьэрычэтрэ зиІэу зыкъэзыгъэльэгъуа щІалэр занщІэуи къуажэ клубым и унафэщІу ягъэуват. АрщхьэкІэ а Іэнатіэм куэдрэ пэрытакъым - а гъэ дыдэм дзэм къулыкъу щищІэну ираджащ. 1962 гъэм армэм къызэриклыжу, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие къудамэм щІэтІысхащ.

1967 гъэм Къэралбий егъэджакІуэу къигъэзэжащ фІыуэ илъагъу и къуажэ курыт школым. Пенсэм кІуэхуи сабийхэр егъэджэным, гъэсэным гурэ псэкІэ бгъэдэтащ. Абы и гугъуехьыр зэрымыкІуэдам щыхьэт тохъуэ ирагъэджахэм къыуалэ лъагъущ щІэлъагъ. Я́пэу ящІэ-лэр занщІэуи къуажэ клубым и унафэщІу ягъэуват. АрщхьэкІэ а Іэнатіэм куэдрэ пэрытакъым - а гъэ дыдэм дзэм къулыкъу щищІэну ираджащ. 1962 гъэм армэм къызэрикІыжу, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие къудамэм щІэтІысхащ.

1967 гъэм Къэралбий егъэджакІуэу къигъэзэжащ фІыуэ илъагъу и къуажэ курыт школым. Пенсэм кІуэхуи сабийхэр егъэджэным, гъэсэным гурэ псэкІэ бгъэдэтащ. Абы и гугъуехьыр зэрымыкІуэдам щыхьэт тохъуэ ирагъэджахэм къыуалэ лъагъущ. Я́пэу ящІэ-лэр занщІэуи къуажэ клубым и унафэщІу ягъэуват. АрщхьэкІэ а Іэнатіэм куэдрэ пэрытакъым - а гъэ дыдэм дзэм къулыкъу щищІэну ираджащ. 1962 гъэм армэм къызэрикІыжу, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие къудамэм щІэтІысхащ, Шалым и тхыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуар зыгъэпсэйтей Іуэхугъуэхэмрэ зыхэпсэукІ зэманым и лІыхъужьхэмрэ. Абы и дэтхэнэ Іэдакъэщ1экІри гурыщІэ къабзэкІэ, цІыхугъэ лъагэкІэ, хуабагъэ инкІэ гъэщІагъэ. Я́пэу кьыдигъэкІа «Уи насыпыр-зыбІмща повестым щиГъэнэІуащ ныбжьыщІэхэр насыпым зэрыхуэкІуэфыну щІыкІэр, абы ухуэзышэ гъэзугъ ущызыІуугъэнкІэ хуэгъу лъэпощхьэпохэр зыхуэдэр. Къэралбий и етІуанэ «Пщ1анэ махуэ» повестым я гугъу щещІ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщышынэу, Совет къэралышхуэм щІэрыІуэ щыхъуа, Социалист Лъжьыгъэм и ЛІыхъужьхэу колхоз председатель Іэбубэчи Нэжмудинрэ нартыхугъэкІ Іэзэ Емышэ Хьэлийрэ.

Шалыр гушыІэр фІыуэ зыпалъэу щІыхущ. Аращ, дауи, гушыІэ, ауан рассказхэри къызрынэу къыщІэхъупІэр.

Ди зэманым тхыпЪ къыдэгъэкІын Іуэхур нэхъ гугъу хъуами, Къэралбий къалэмыр игъэтІылъыжакъым. Абы Іэрытхыу иІэщ повесть, рассказ зыбжанэ, гушыІэ, ауан хъыбархэр.

Шал Къэралбий гъащІэм кІууэ щыгъуазэ, ар фІыуэ зылъагъу, куэдым гу лъызытэ, щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, цІыхугъэ лъагэ зыхэлъ, захуагъэм и телъхъэ цІыхуэ. А хэлъыфІ-хэр зэрыхэлъыращ и пщІэр зыгъэпытагэри, и щІыхьыр зыІэтри.

ХЪУРАН Миланэ.

● Гъуаздж1э

Усэбзэм дихьэххэр зэхуос

Іуащхьэмахуэ лъапэр ди республикэм и щІыпІэ нэхъ дахэхэм ящыщщ. Абы щыІэ Чегет бгым пэмыжьжьэу иджыблагъэ зэхуэсат усэбзэр зи псэм хэлъ хэкупсэ гуп. «Чегет» пансионатым ахэр къыщеджащ Щоджэнц1ыкІу Іэдэм, Кулиев Къайсын, Къуиикъуэ Налбий, Окуджавэ Булат сымэ, ди бгылъэ щІыналъэр зи творчествэм щызыгъэфІа нэгъуэщІхэми я къалэмыпэм къыпыкІа усэхэм.

«ЧЕГЕТ и щыгум» къеджэныгъэхэр мы гъэм иджы етІуанэу ирагъэкІуэкІ. Я́пэу ахэр зэхашащ гъатхэпэм и 21-м, Усыгъэм и дунейпсо махуэм. Абы щыгъуэ утыку кърахьащ гъатхэм, дунейм и «къэушыжьыгъуэм» епха тхыгъэхэр. Иджырей къеджэныгъэхэм щыІуащ гъэм и щІэрэщІэгъуэ гъэмахуэм теухуа усэхэр. Ахэр гъэщІэгъуэну зэхэухуэнат: усэбзэр дахащэу ги гъащІэм чэзууэ кьиІукІырт - зэм адыгэбзэкІэ, итІанэ балъкъэрыбзэкІэ, кьыкІэлъыкІуэу урысибзэкІэ. Кавказым и бгы уардэхэм, псыкъелъэ уэрхэм, губгъуэ хуитхэм, щІыпІэм щыпсэу цІыхухэм, абыхэм яку дэпЪ зэхущытыкІэ дахэхэм, лъагъуныгъэ кьабзэм, ныбжьыгъуэ пэжым - щІыналъэм и купщІэр наІуэ кьэзыщІ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми ятеуху сатыр екІу куэд щыІуащ бгылъэ щІыпІэм.

Іуэху дахэм къриихьэлІа псоми фІыщІэ яхуищІащ Іуащхьэмахуэ муниципалныр щІыналъэм и щІыпІэ и администрацэм Іэтащхьэм и хуэздзэ **Улымбащ Арслан**. Псом хуэмыдэу абы псалъэ гуапэ куэд хуиГъэфащащ къеджэныгъэхэр къызэзыгъэпэща усакІуэ, журналист цІэрыІуэ Къаныкъуэ Заринэрэ Тырныауэ къалэм анэдэлъхубзэр щезыгъэдж Ахматовэ Любэрэ.

Апхуэдэ литературэ зэхуэзэхэм адэкІи пащэну я мурадщ.

КУЖОНОВЭ Рузаннэ.

«Бзабзэ» гупым и унафэщІ

Адыгэ лъэпкъым ижьижьыж лъандэрэ къыдогъэугурыкІуэ пшыналъэ, кьафэ дахэхэр. Ахэр екІуу зыгъэзащІэхэм ящыщщ Еуаз Зубер.

ЕУАЗЫР 1977 гъэм Налшык къалэм къыщалъхуащ. ЩІалэ дыдэу абы и гур макъамэм къыхэуэушащ икІи илъэсипщІ ныбжьым иту Музыкэ еджапІэ №2-м щІэтІысхьащ. Зубер и япэ ягъэдзакІуэу щыта Земская Людмилэ и фІыщІэ куэд хэлъщ а уэнэтІыныгъэмкІэ щІалэм зыІэригъэхьа екъуІэныгъэхэм. Къапщтэмэ, аращ Еуазыр япэ дыдэ утыку къизышар.

ИужькІэ Еуазым макъамэмкІэ зыІэригъэхьа щІэныгъэм щыпищащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмрэ гъуазджэмкІэ и училищэм. 1993 - 2011 гъэхэм щыкІэпшынэм и щэхуэм абы щІэблэр щыхуригъэджащ Къэзанокъуэ Жэбагъы и щІэр зеэзыхьэ, Сабийхэм эстетикэ гъэсэныгъэ ябгъэдалъхьэнымкІэ центрым. Абы къыдэкІуэу «Кабардинка», «Хатти» ансамбль щІэрыІуэхэм я оркестрхэм щылэжьащ. Зубер дунейпсо зэхъэзэхуэ куэдым я лауреатщ.

Адыгэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ заужьыныкІэ икъуэкІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІеГъэкІ Еуаз Зубер. Кэд щІауэ гулъытэ зыхуэдмыщІыж, тщыгъупщжауэ жьлэпэми хъуну пшыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэр тхыдэ архивхэм, ІуэрыІуатэм къыхихыжурэ кІигъэщІэрэщІэжащ абы. Ахэр утыку кърахьэ Еуазым къызэригъэпэща, адыгэ-абхъаз пшыналъэхэмрэ кьафэхэмрэ зыгъэзащІэ «Бзабзэ» ансамблим. Зэман кІэщІым къриубыдэу гупыр щІэрыІуэ хъуащ. Ар ди республикэм и мызакъуэу, ГьунэгъУ щІыналъэхэми, хамэ хэрадлхэми къыщащІыкъу.

Иджыблагъэ ахэр здэщыІа Тыркум и Бозуюкъ къалэм къыщызэрагъэпэща пшыхьым цІыху минитІым щІигъу къкІэлъэІат. ЯгъаГъумрэ зэхахьмрэ дихьэхауэ, абы я зыкъэгъэльэгъуэхІэм елпъащ ди хэкуэгъуэхэр.

Бозуюкъ къалэм нэхъыбэу дзэкІ хьэтыкуейхэмрэ абазэхэмрэщ. Зубер къызэрыджжиГэжамкІэ, а лъэпкъитІым я зэхэтыкІэм, гуфІэгъэ дауздапщэ егъэкІуэкІыкІэхэм «Бзабзэ» гупыр яфІэгъэщІэгъэну кІэлъыплъащ. Гу къуэпскІэ лъэпкъым къыпыщІахэм гупыр иджыри яхуеблэгъэну къыпоплъэ.

«СынасыпыфІэщ, - жеІэ Зубер, - сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, си гъуэгум цІыху щэджащэ, фІэрафІэ куэд сыщрихьэлІащ, ахэр гъуазэ схуэхъуу сыкъекІуэкІащ. ШыкІэпшынэм сыхуэзыша, Іэщ1агъэр Іэпэгъу схуэзыщІа Ойберман Владимир, сыт хуэдэ Іуэху къеэмыгъажьэми кьыздэзыІыгъа Хъурей Феликс, чэнджэщагъу схуэхъу ди тхыдэмадэфІхэу Думэныщ Іэуплэдин, Црым Руслан, Бгъажьнокъуэ Заурбэч сымэ фІыщІэ ин яхузощ1».

ЦІыхум хьэл-щэн нэхъыщхьэ дыдэу хэлъын хуейуэ кІильыгъэмкІэ дыщыщІэупщІэм, Зубер жэуапу кьыдитащ: «Сыт хуэдэ Іуэхуми пэжу убгъэдэтынырщ!»

Шэч хэлъкъым Еуаз Зубер и псалъэхэмрэ и Іуэхущ1афэхэмрэ зэрызэтехуэм. Тхьэм хущІигъэхьэ!

МОКЪУЭ Лаурэ.

● ФщІэуэ пІэрэ?

Хъыджэбзыкхъэ

Дыгулыбгъуей къуажэр япэ дыдэу тхыдэм къыщыхэщщыр XVI лІэщІыгъуэрщ. Ар зыгъэтІысауэ ябжыр уэркъ Тамбий. Дыгулыбгъуй икІи абы и фэеплъу Тамбийхьэблэ фІащауэ щытащ. ИужькІэ жьлэм и фІэщыгъэр мызэ-мытІэу яхъуэжащ. Нобэ къуажэм зэрехьэ Дыгулыбгъуей цІэр.

КЪУАЖЭМ и тхыдэм увыпІэ щхьэхуэ щеубыд «Хъыджэбзыкхъэм». Илъэсищ1э ипэкІэ ар зэрыщытамрэ иджы иІэ теплъэмрэ зэбгъапщэмэ, зэманым гущІэгъу зэрыхэмылъыр къыбгуроІуэ. Бахъсэныжь и Іуфэм екІуэкІыу щыта Хъыджэбзыкхъэм нобэ зы сын закъуэщ къыдэнэжар. А щІыпІэм и хъыбарыр нэхъыжьхэм щІалэгъуалэм хуаІуэтэжурэ къокІуэкІ.

Урыс-Кавказ зауэжьым и зэманым хъыджэбз гуп гъэру яубыдауэ, тырку сулътІаным иращэну здашэм, къыщІэпхъуэжри, Бахъсэныжь псым зыхадзэжауэ щытащ. Дыгулыбгъуей жьлэм деж ныджэм къыщытридзэжауэ щІыхухэм къагъэтри, хъыджэбзхэм я хьэдэхэр хуажэбгъум, псы Іуфэм пэмыжьжьэу, щ1ыщІалъхьащ. Ахэр зейри, зыщ1ыщ жьлэри ящІэртэкъым хуажэдэсхэми, псоми я сыныр зэщхьу хуагъэуват. Ауэ зы ьащ1ыхьщ1ыкІу яхэтауэ жалэж, пщ1ым и пхъуи ейуэ. И гъусэхэм и зыхуэпэкІэкІэ еф1кІыкІу зэрыщ1ытам къыхэкІыу, цІыхухэм ар пщ1ым и пхъуу хуагъэфащагъэнэ.

Мы хъыбарри ди лъэпкъым и тхыдэм щ1ыщ зы Іыхьэщ. Зытеухуар Іуэху гуауэми, зыщ1ыдгъэгъупщэ хъунукъым. ЗорыжкІэу, зи блэкІар зыщІэжьрщ къэкІуэну зиІэнури.

КЪУНАШ Ланэ.

● «Адыгэ псалъэр» къыхьызок

Дапщэщи къыщыдогъэсэбэп

Ди лъэпкъыбзэмкІэ республикэм къыщыдэкІ газет закъуэр ди унагъуэм щІэсхэм фІыуэ долъагъу, ди щІэщыгъуэу сыт щыгъуи доджэ икІи абы и къыдэкІыгъуэхэм дыполлъэ. Щэч хэмылъу, ахэр нэхъ мащІэ зэрыхъуами дегъэпІейтей. Газетым сыт щыгъуи идогъуатэ ди щІыналъэм, къэралым, хамэ щІыпІэхэм къыщыхъу-къыщыщІэхэм ятеуха хъыбархэр.

СЭ АДЫГЭБЗЭМРЭ литературэмрэ илъэс куэд лъандэрэ щызогъэдж Тэрч щІыналъэм хьыхь Акъбащ Ищхьэрэ кьуажэм. Адыгэхэм нэмыщІ, ди жьлэм дэсщ урысхэри нэгъуэщІ лъэпкъхэм ящыщхэри. Псори дызэгурыІуэу, пщІэ зэхуэтщІу дызэдопсэу, щІэблэр фІым зэрыхуэдгъэсэным дыхуущІэкъуу. Ди хабзэращи, цІыхур зыщыщІэ лъэпкъым емыльытауэ, абы пщІэ худощІ и дуней тетыкІэ дахэмрэ и Іуэмыхьфхэмрэ папщІэ.

Щхьэж и бзэм, и щэнхабзэм гулъытэ хэха зэрыхуэтщІыжьыным дыхуущІокъури, абыхэмкІэ дэ, адыгэбзэр езыгъэджжэм, сэбэпышхуэ къытхуохъу «Адыгэ псалъэ» газетыр. Ар лэжьыгъэм дапщэщи къыщыдогъэсэбэп, напэкІуэцІ хэхахэм ит тхыгъэхэм ящыщ куэд дерсхэм щІэзэпкърыдох, дащытопсэльэ. Адыгэбзэм и пщІэр жьлэми щынищ. Гу зэрыльыстащи, ди газетым яфІэ-гъэщІэгъуэну йоджэ кьуажэм дэс нэхъыжьыфІхэри ныбжьыщІэхэри.

«Адыгэ псалъэм» газетыр ныбжьыгъуфІу сызэриІэрэ куэд щІащ. АбыкІэ щапхъэ схуэхъуащ Тамбовскэ жьлэм дэт курыт школым анэдэлъхубзэр щІэззэыгъэджахэр. Ди егъэджакІуэхэр куэдрэ къытхуеджэрт абы къытехуэ тхыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм, Іуэху зэхуэмыдзэхэм ехьэлІа гупсысэхэмкІэ псоми къыдэзгъашэрт. А нэхъыжьыфІхэм я щапхъэм сытету си Іэщ1агъэри кьыхэсхащ, сызэрылажьэм хуэдэурэ, адыгэбзэмрэ литературэмрэ сыщ1ыхуоджэ КъБКъУ-м. Дызэкъуэгъу щыщІэзгъэсэбэп газетым къытехуэ тхыгъэхэу лъэпкъ, хэкупсэ гъэсэныгъэм, адыгэм и тхыдэм, хабзэ-нэмысым ехьэлІахэр. Абыхэм ди щІэблэм я дуней еплъыкІэр яуэзащ1, гупсысэр нэхъ куу ящІ.

Ди лъэпкъым иФІ зезыхуэ, и зыужьыныгъэм хуэлажьэ «Адыгэ псалъэр» яІэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ адыгэ унагъуэми.

ШЫДАКЪ Майе,
егъэджакІуэ.
Тэрч щІыналъэ

ФІы щІэи, псым хэдзэ

Егъэджакіуэ Іэщ1агъэр къыхэсхьым щхьэусыгъуэ хуэхъуар си анэдэлъхубзэм хузиІэ лъагъуныгъэрщ. СызэрыщІыкІырэ ди адыгэ тхакІуэхэм, усакІуэхэм я Іэдакъэщ1экІхэм сызыІэпашэу, сыдихьэхыу соджэ. Гукъинэж схуэхъуа тхыгъэхэм ящыщ зыщ Кіыщокъуэ Алим иужь дыдэу и Іэдакъэ къыщІэкІахэм хабжэ «Лъапсэ» романыр. Ар 1975 гъэм иригъажьэри илъэс 15-кІэ итхащ.

«ЛЪАПСЭ» романыр зытегъэпсыхьар Совет Союзым и кІуэджьыгъуэ зэманым и пэ ита лъэхъэнэрщ. Романыр зэрыщыту Дафэрэдж зи цІэ Цыхубзым къыбгъэдэкІыу тхащ. ТхакІуэм и пщэм къалэн гугъу дилъхьащ: цІыхубзым и гупсысэкІэм тету роман псо птхыныр Іуэху тынш-къым. А Іуэхур гугъэзагъэу къехъулІащ Кіыщокъуэм. Романым щызэхэуху-нащ лъэхъэнитІ: Урыс-Кавказ зауэр щекІуэкІамрэ ящыщ ирагъэжьэ.

Дафэрэрэдж-пхъурылъхур и анэшхуэр щыпсэуа щІыналъэм кІуэну зиГъэхьэзырауэ, сымаджэ хьэлъэу зы хъыджэбз къыхуащІэри, гъэгу темыувэу къоно. Сымаджэ зытегуэзвэыхьым бгъэдэсу, ар тригъэу хуэдэурэ, дохутырым и анэшхуэм и хъыбарыр къеІуэтэж. Абы къыхощыж Дафэрэрэдж-анэшхуэм и нэгу щІэкІа къомыр.

«Фіы щІэи, псым хэдзэ» псалъэжьыр щыпІитІкІэ къыщыхьащ романым. Ар зыхуэгъэзар лъэпкъым и пэжым ирагъаз цІыхухэрщ. АбыкІэ щапхъэщ Дафэрэрэджнанэ. Тырку пащтыхьым зыКъхутхьэбзэшхуэ хуищІа нэужь, зыхуейр къыхуищІэну къыгъэгугъат ар. ЦІыхубзыр Іэхъугъуитім щІэлъэІуащ: япэр - тырку пащтыхьым и гаремым щаІыгъ бзылъхугъэ тхьэмыщкІэхэр иутІыпщыжьну, етІуанэу - езы Дафэрэрэдж хьэж ищІынымкІэ къыдэІэпыкъуну.

Дафэрэрэдж-анэшхуэмрэ пхъурылъхуэмрэ куэдкІэ зэщхьщ. Я теплъэкІи, я хьэлкІи зыкъомкІэ зэтохуэ - тІури цІыхухэм йоІэзэ, цІыхухэу куэдым зызрамыпщытын Іуэху гугъуэ-хэм къикІуэт ямыщІэу пэщІоувэ. Дафэрэрэдж-анэшхуэм лъэпкъ зыщІэр имыгъэлъэпэрэпэну хущІэкъуэмэ, Дафэрэрэдж-пхъурылъхуэм и пщэм къыдэхуар нэгъуэщІ къалэнщ - лъэпкъ дахуэхахэм закъригъэужьыну. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, тІуми нэсу кьехъулІакъым я мурадыр.

Дафэрэрэдж цІыхубзитІым лъэпкъым, хэкум хуаІэ лъагъуныгъэм щІщ тІэкІу тхэлъамэ, ди бзэм, тхыдэм, щэнхабзэм нэхъ щІэзгъэхуэбжьауэ зиужьынут, жьлэІуэ урегъэгупсыс тхыгъэм. ЗэгурыІуэмрэ мамырыгъэмрэ зыгъэнэхъапэ лъэпкъырщ лъэщыр. Дызэкъуэту а Іуэхум дыхуэзгъэлажьэ, итІанэ, зыщІэм хэмылъу, къетхьэжьэ сыт хуэдэ Іуэхурэ тхудэгъэкІынущ. Адыгэу дунейм тету хъуар дызэгурыІэаІуи, дыкъгъэхъумэ ди бзэр, ди хабзэр, нэр напІэм зэрихъумэм хуэдэу!

КЪАРМЭ Миланэ.

● Шэшэн

«Ахъмэт» гуэдз лъэпкъыр

Шэшэным и Іэтащхьэ Кадыров Рамзан комбайнкІэ Іуихыжащ «Ахъмэт» гуэдз лІэужьыгъуэщІэр. А къэкІыгъэм фІащащ Рамзан и адэ, Шэшэным и япэ президенту щыта Кадыров Ахъмэт и цІэр.

«ЗИ ГУГЪУ тщІы лъэпкъыщІэр къыщагъэхъуащ Краснодар Мэкъумэш хозяйствэмкІэ щыІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институту Лукьяненкэ и цІэр зезыхьэм. Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Дадаев Муса и Іэхъум щхьэкІэ институтым и унафэщІым мызэ-мытІэу хуэзащ икІи абы елъэІуащ щыналъэм нэхъ хуэбгъуэну гуэдз лІэужьыгъуэщІкІэ кахъуэупсэну, - жиІащ Шэшэным Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и кІудамэм и Іэтащхьэ Шахмурзаев Магомед. Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, еджагъэшхуэзэм гуэдз лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэр зэхагъакІуэрэ илъэсищкІэ лэжьащ. ИужькІэщ «Ахъмэтыр» трасэну чэнджащ къыщратар.

«ПІэужьыгъуэщІр Кавказ Ищхьэрэм, Урысейм и Курыт-ЩІы фІыцІэ щыналъэм хуабжьу къыщІоззэгъ, - пищащ Шахмурзаевым. Абы сантиметр 85-м нэс и лъагагъщ. Езыр мыкІасэу, «Уафэгъуагъуэ» лІэужьыгъуэ цІэрыпІуэм зэманкІэ дэхъуу Іуахыж. Ухэсм хуэбэшэчщ, и пкъыр быдэщ. Лабораторхэм щыщагъэунэхум зы гектарым хуэзэу центнери 130 - 136-рэ хуэдиз къитащ, ауэ дэ ику иту къытетхыфар центнери 51-рэщ».

Дауи, губгъуэхэм апхэудиз бэвагъ къыщыпхуехьэлІэнкъым - дунейм и щытыкІэм куэд елъытащ. Абы щыгъуэми, Шэшэным и хьэсхэр хуэдитКІэ нэхъ пІащІэу щытащ, жылапхъэфІ къагъэкІыным нэхъ трагъэщІати. ЖылэхэР нэхъ зэпэзэву щым халъхьэмэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, нэхъыбэ кІрахьэлІэжьыфынущ.

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

Уэшхым щхьэкІи... ахъшэ!

Пермь крайм хабзэ телъыджэ щагъэуват: Кунгур кьалэм щыпсэуэхэм ахъшэ Іахыу щІадзат... уэшхым папщІэ. Пэжу, квитанцэм иратхэр канализацэр къызэрагъасэзбэлым текІуадзэр ирагъэпшынкъут. Зы мазэм хуэзэрт соми 7.ЩІыпІэ «Водоканал»-м щыжаІащ ар хабзэм ебэгъэну - уэшхыпсыр кІэнаугъэм илъадэу. Къэдгъэлъэгъуэнщи, апхэудэу жызыІа къуныкъущІэр иужькІэ и лэжьапІэм ІуагъэкІащ. «Уэшхым щІэ гуэри щІэтын хуейкъым, - кагуригъэІуащ «ЖКХ-Контроль»-м и пресс-Іуэхущапіэм и унафэщІ Дружининэ Анжелэ. - Псыр зэрыльадэр муниципальнэ канализацэрщ икІи кьалэм абы и уасэр ет. Араущи, ар цІыхухэм Іах хъунукъым».

Мис апхэудэ хьэлэмэт къыщыхъуащ Пермь крайм. Ауэ ар дыхьэгъэ хьунут, а щапхъэм адрей щыналъэхэри техьамэ.

● Ар зэрыщытар

Хрущёвым и бийуэ псори зэкъуэуват

Хрущёв Никитэ, дауи, хуеящ СССР-р нэхъыфІ, нэхъ къулей, нэхъ лъэш ищІыну. Ауэ къехъулІахэм нэхърэ къемыхъулІахэр нэхъыбэщ. Абы унафэр щыІэщІэлъа илъэсхэм цІыхухэм я псэукІэр екІэкІуащ, «коммунизм доухуэ» жиІэурэ, Совет Союзыр кІуэцІригъэхуащ.

ИНДИЕМ и Іэтащхьэ Неру Джавахарлал зи пашъэ «ещанэ дунейр» къыткъуигъэувэн мурадкІэ, абы хэту зызыбжьыж къэралхэм илъэс къэс доллар мелуан 400 - 500 хуэдиз (а зэманым ахъшэшхуэ быдэт) яритащ. ЦІыхухэр и итьуэнэу яригъэщІа псэупІэ унэ цІыкІухэу «хрущёвкэ» жыхуаІэхэр иджы ирахыжьым мылькъушхуэ трагъэкІуэдэн хуей хъунущ. ИпэкІэ илъэс куэдкІэ къэкІмыхъуауэ 1963 гъэм гъавэр дыщэкІэ нэгъуэщІ къэралхэм, щхьэтечуэ жыпІэмэ, ди ныкъуэкъуэгъу нэхъыщІхьэ США-м и деж кьыщыгъэхуу щІэддзащ. 1962 гъэм щеГъэжьауэ шхапІэхэм щІакъуэр пщІэншэу щатыжьакъым - ари щыхьэт текъуэрт ди Іуэхуэр зэрымыщІагъуэм.

ЦІыхухэм я мыарэзыныгъэр зэщІэпІэрт, ауэ властхэм ар ямылъагъу иэпщІ защІыкІ. ЩытыкІэр ягу темыхуэжу, Новочеркасск и уэрамхэм гупышхуэ зэрыгъэхъуу дыхьа лэжьакІуэхэр танкхэмкІэ зэхапІытІащ. Зи жэмхэр зытрах колхозхэтхэри, члисхэмрэ мэжджьитхэмрэ зэрыізэхуащІыжьыр зымыдэ христэнхэри муслъымэнхэри, кІэзимыдэ зэхъуэжьныгъэ купщІэнэшхэм ирагъэша хабзэхъумэхэри дзэхэри арэзытэкъым.

Арщхьэкіэ Хрущёвым а псори къыфІэІуэхуртэкъым. Абы зыкъыльатэжырт пащтыхьу, ищІэ псори хъуну. «Нартыху хэфсэ!» жиІати, къэрал псом а унафэр текІ имыІэу иг-ЫЗЭЗЩІЭН хуейт.

Хрущёвым цІыхубэр кьурдзэртэкъым, абы и гулъытэр зыхуэгъэзэар парт къулыкъущІхэрт. Мис аэр тхъэжу, зыхуей псори яГуэту псэурт (иджырей къэрал къулыкъущІэхэр дигу къимыгъэкІыжу пІэрэ?). Абы теухуауэ СССР-м зыри щыжаІэртэкъым, ауэ нэгъуэщІ къэралхэм щытепсэлъыхьырт. Китайм къыщыдэкІ газетхэм 1964 гъэм къытредзауэ щытащ «Хрущёвым и коммунизм нэпцІымрэ абы дуней псом кьыхихьн хуей дерсымрэ» тхыгъэр. Абы щыжиІэрт СССР-м лэжьакІуэбэм и мылъкуКІэ псэу гуп щхьэхуэ щыІэ хъуауэ, абы и хэхъуэхэр цІыху кьыззэрыгуэкІэм яІэхэм нэхърэ хуэдипщІэхэмкІэ, уеблэмэ, хуэдищэхэмкІэ нэхъыбэу. Псом хуэмыдэу тригъащІэрт Іулъхьэхэм зэрызэгубгъуэм.

Хрущёвым ф1э зытригъаІуэрт щІэпхъаджагъэхэм япэщІэт хуэдэу. 1963 гъэм кьэрал, парт кІэлъыплъныгъэмкІэ комитет кьыззэригъэпэщащ. Езыр кІэщІэльадэ-кІэщІэжьж хабзэм хуэІэзэ хъуат Сталиным и блигущІэту щыщыта зэманым. Ар лІа иужьи, и пІэ иуват. Уеблэмэ, апхэудизкІэ США-м и деж кьыщыщытыжуу щІэддзащ. 1962 гъэм щеГъэжьауэ шхапІэхэм щІакъуэр пщІэншэу щатыжьакъым - ари щыхьэт текъуэрт ди Іуэхуэр зэрымыщІагъуэм.

ЦІыхухэм я мыарэзыныгъэр зэщІэпІэрт, ауэ властхэм ар ямылъагъу иэпщІ защІыкІ. ЩытыкІэр ягу темыхуэжу, Новочеркасск и уэрамхэм гупышхуэ зэрыгъэхъуу дыхьа лэжьакІуэхэр танкхэмкІэ зэхапІытІащ. Зи жэмхэр зытрах колхозхэтхэри, члисхэмрэ мэжджьитхэмрэ зэрызэхуащІыжьыр зымыдэ христэнхэри муслъымэнхэри, кІэзимыдэ зэхъуэжьныгъэ купщІэнэшхэм ирагъэша хабзэхъумэхэри дзэхэри арэзытэкъым.

Арщхьэкіэ Хрущёвым а псори къыфІэІуэхуртэкъым. Абы зыкъыльатэжырт пащтыхьу, ищІэ псори хъуну. «Нартыху хэфсэ!» жиІати, къэрал псом а унафэр текІ имыІэу иг-ЫЗЭЗЩІЭН хуейт.

Хрущёвым цІыхубэр кьурдзэртэкъым, абы и гулъытэр зыхуэгъэзэар парт къулыкъущІхэрт. Мис аэр тхъэжу, зыхуей псори яГуэту псэурт (иджырей къэрал къулыкъущІэхэр зэрыщытыжьыр ящыщ дзэтхэнэми Хрущёвым трагъэкІыным езым и фейдэ хэлъу къыльытэрт. Тельыджэр иджыри къэс зэпэщІэтахэри къэралым и Іэтащхьэм и бийуэ зэрызэкъуэварт. Мы Іуэхуэр ильэсым нэблагъэкІэ яГъэхьэзырат, абы щыгъуаэзэт куэдыкІей, арщхьэкІэ зыми зы псалъэ кІыжьыдэкІыртэкъым. Шелепиным къэрал, парт лэжьакІуэ нэхъыщІэхэр кьигъэдаІуэрт, Брежневымрэ Подгорнэмрэ нэхъыжьхэм «ядолажьэрт».

Пэжщ, зыгуэрхэр хущІэкъуащ щэхур нахуэ ящыну. Псалъэм и хьэтыркІэ, чекисту щыта Галюков Василий. Ауэ абы къыригъэщІа хъыбарыр кьыфІэмыІуэхуу Микоян Хрущёвыр и гъусэу Пищундэ зыгъэпсэхуакІуэ кІуащ. Ар пхуэмыгъэзэкІуэжьну щыуагъат. Мыдрейхэм, зэрыжаІэщи, псори яБзари ядыжакІэт. Къэралым и Іэтащхьэр трахуным и жэрдэмщІакІуэ нэхъыщхьэхэр плІы хъурт: абы и пІэ иувэну хущІэкъурт Шелепиныр, Кремлым куэд щІауэ щылажьэ Подгорнэмрэ Игнатовымрэ хуейт нэхъ лъэкІыныгъэщхуэ яІэну, Брежневыр Хрущёвым хуэзэрэзэгъэкъым, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщІ къулыкъур зэрыщхьэщхам кьыхэкІыу. Ауэ нэхъ лэжьыгъэ гугъур зэфІэзыгъэкІар КГБ-м и Іэтащхьэ Семичастнэрт. 1964 гъэм зэпэгъуэм и 13-м Пищундэ къикІыжа Хрущёвымрэ Микоянрэ аэропортым щаІущІэри абы и закъуэщ. Іэм иримыгъэщІын папщІэ, япэрйм жриІащ псори зэхуэсауэ Кремлым кьащІэпплъэу. Бэлэрыгъа Хрущёвыр зэуэ жыхьэнмэм хэхуащ, КПСС-м и ЦК-м и Президиумым и зэІущІэм къыщыпсэлъа псомэ жаІащ Хрущёв Никитэ и къулыкъум трагъэкІын хуейуэ. ЕтІуанэ махуэм ЦК-м и Пленумым апхэудэ унафэ зэдзэарэзыуэ кьыщтащ. ГъэщІэгъуэнщ, ауэ Пленумым и мызакъуэу, къэрал псом зы цІыхуи кьыщыувакъым Хрущёвым и телъхьэу.

ЦК-м и Рэпэ секретару хэхащ нэхъыбэр зыхуэзэрэзы Брежнев Леонид. Абы Іыхьэншэ ищІакъым къыдэІэпыкъуахэр - дэтхэнэми Іэмал иГуэтащ лІэхуКІэ и къулыкъур иЫгъыну. Телъыджэщ Микоян игъэзэщІа кьалэнхэр. Зэгуэр ар Сталиным дэІэпыкъуащ Каменевыр, Зиновьевыр, Бухарин сымэ Іуихьн папщІэ. ИужькІэ Хрущёвым къуэдзауэ 1957 гъэм «партым и бий гупыр» щызэбгрикІ щыгъуэ, иджы Брежневым зыщІигъэкъуащ Хрущёвыр лъэныкъуэ щригъэзым. Абы и фІыгъэкІэ и ныбжьыр илъэс 80-м нэсыху КПСС-м и ЦК-ми, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумми хэтащ...

Властым щІэбэн Шелепиным и закъуэщ Брежневым кьригъэлъэсыщэхар. Ауэ пэжщ, КГБ-м и унафэщІ Семичастнэр и къулыкъум трагъэкІащ. Абы щыгъуэми, ар мыхъуамэ, Хрущёвыр трахуфыну къыщІэкІынутэкъым...

Майн псым и Іуфэм Іус Франкфурт нэмыцэ кьалэр США-м и Чикаго ирагъэщхь: мыбы хуоэз унэ лъагэ быдэхэу Къуэхьэпіэ Европэ псом щыІэм я нэхъыбэр. Ауэ ар и теплъэм дахэу хозагъэ: ухуэныгъэщІэхэр пасэрей унэхэм ёокІу. Псом хуэмыдэу абы гу щылъыбгъэ кьалэм и кум.

● Уасэхэр

Дэнэ адэкІэ здэкІуэнур?!

Бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ къытхуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм нэхъыбэ щІэттынущ.

ЭПЕКТРОКЪАРУМ, псым, газым я уасэхэм ику иту процент 4-кІэ заІэтащ. ЩІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм а бжыгъэр щызэхуэзэнукъым, ящыныкъуэхэм процент 6-м щынэсынкІэ, нэгъуэщІхэм процент 3-м щыщІимыгъункІэ хъунущ.

Псалъэм и хьэтыркІэ, «коммуналкэр» нэхъ щыдзэунущ Санкт-Петербургрэ Якутиемрэ, ауэ Осетие Ищхьэрэ - Аланиемрэ Новосибирск областымрэ процентэ 3-м кьыщыІэзтеувыІащ.

Къэгъэлъэгъуэн хуейщ процентхэр псэупІэ и лъэныкъуэкІэ хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм зэрахэмыкьыбэр. Щхьэтечу жыпІэмэ, псэупІэр зехьэным, къэгъэщІэрэщІэжьным, уеблэмэ капиталынэ ремонтым текІуадзэхэм. Абыхэм я уасэхэр бадзэуэгъуэм и 1-м кьепхакъым икІи занщІэу захъуэжьнкІэ хъунущ сыт хуэдэ зэманми.

Бадзэуэгъуэм и 1-р илъэсым и зэхуэдитІщ. Дэ десэжащ абы ирихьэлІэу ди къэралым уасэхэр зэрыщыдзэкІуейм. Ауэ псоми мардэ иІэн хуейщ: уогупсыс кьыщехьыжьынут. Арщхьэкіэ и Іьагапіэм зэи унэсынукъым - ауэ сытми жаІакъым цІыхур уафэгъуэм нэсын папщІэ зы джэду кІапэ хуримыкьуаеу. АтІэ дэнэ къыздитхынур а джэду кІапэр? Ар кьагъуэтыху, Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэм заІэтынущ.

ПІланэпэр зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Дагьыстэн

Зэрыкъуажэхэу.... «ныкъуэдыкъуэхэт»

Зэгуэр газетхэм ятхыу щытащ Дагьыстэным къуажэ пэр ныкъуэдыкъуэу къыщыщІидзу зэрыщытар. Тельыджэкъэ? Республикэм и прокуратурэм иджы сэтей къишащ щыналъэм медико-социальнэ экспертизэмкІэ и бюром и унафэщІ Махачев Магомед Іулъхьэу сом мелуанипщІкІэр зэрыщыкІэщІиупщар.

- Махачевым и бандэ гупым иужь илъэсиплІым щыуз узыншэхэм иратырт ахэр ныкъуэдыкъуэу къыщІэзыгъэдзэ тхьилъхэр, - щыжаІащ Дагьыстэным и прокуратурэм и пресс-Іуэхущапіэм. - Абы папщІэ кьыІахащ сом мелуан 52-рэ. БзаджащІэхэм а ахъшэ псори халъхьащ Махачевым и щхьэгъэсэуэм и банк картэхэм.

ЩІэпхъаджащІэхэр кьалэ, район зэмылІэужьыгъуэхэм я медико-социальнэ экспертизэмкІэ я Іэнатіэхэм щылажьэхэрт. Іулъхьэу кьыІахэх ахъшэхэр хабзэм бзэхъумэхэм кьыщагъэтащ Махачевым и щхьэгъусэм и мызакъуэу, и щІасэ цІыхубэм и банк картэхэмэ. Ауэ Іуэхур зэхэзыгъэкІхэм жаІэ, сом мелардэхэр щызэтрихьа нэгъуэщІ банк картэхэу пщІыхэри щыІэу. А псори ныкъуэдыкъуэгъэ нэпщІ зэрыхуэгъуэвым папщІэ кьыІахат.

ЗэкІэ кьатахэм кьаззэрыхэщыкІэ, Махачевым мы зэманым зыщегъэпщкІу Украинэм. Дагьыстанымрэ Азербайджанымрэ я гъунапкъэр зэпиупщІа иужькІэ, ар абы кьыщыхутащ.

Урысейм кьулыкъущІэр щагъэкъуанщэ тхылъ нэпцІэр зыт бзаджащІэ гуп кьызэрырызэригъэпэщащкІэ. Абы и кьуэдзищІэр яГэтІысакІэщ.

● Футбол

Нартан топ пщыкІущ щыдагъэкІ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым зи чэзу джэгуГъуэр щекІуэкІащ. Абы ипкъ иткІэ, Нартан къуажэм щызэхэта зэІущІэм топ 13 щыдагъэкІащ.

УИ ХЬЭРХУЭРЭГЪУМ и гъуэм топих дэбГъэкІами, укъыхагъэщІэфынущ. «Пыскуэдэр» къыщІагъэблэгъам ар нахуэу зыхащІащ «Нартаным» и футболистхэм - хьэщІэхэр нэхъыбзжрэ кьыхэжаныкІри, текІуэныгъэр яхьащ.

Зэхъэзэхуэм бжьыпэр щызыІыгъ «Автозапчасть»-м и пашэныгъэр нэхъри игъэбыдащ. Абы бжьыгъэшхуэкІэ хигъэщІащ «Малка»-р. ТхьэмахуэфІ блэкІам кьриубыдэу етІуанэ зэІущІэр езыгъэкІуэкІ малкадзсхэр (бэрэжьейм Нарткъалэ 0:1-уэ щыфІахьащ) аргуэру къыхэжаныкІыфакъым. Абы щхьэкІэ къэмынэу я пашэ ШащІэ Бесльэн ГъуащхьаІуэхэм я зэпеуэм зэкІэ къыщыпэлъэщІ щыІэкъым, я хьэрхуэрэгъуэхэм топ 20 яхудигъэкІащ.

ЕщанэУ зэкІэпхъуэжьу зэхъэзэхуэм щытекІуащ «Керт»-р. Иджы абы ДарщІдан къуажэм щыхигъэщІащ щІыпІэ «Бедик»-р. Апхэудиз дыдэрэ фІахьащ иджыблагъэ бжьыпэм щІэбэна «Налшыкым». Иужьу абы кьытекІуащ къэзыгъэкІуэкІа «Исльэмейр».

КъыщыщІар къэщІэгъуейщ зэхъэзэхуэм зэрыщІидзэжрэ кьыхагъащІэ зэпыт «Союз»-м. Мис аргуэри бжьгъэшхуэкІэ сэркмакъдэсхэм Бабугент къуажэм щыфІахьащ.

Шэджэм кьалэм зэІущІэ хьэлэмэт щекІуэкІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатым хэт абы и командитІым зэхагъэкІащ хэт нобэкІэ нэхъ лъэщми. Хьэлэмэтращи, зэхьэзэхуэм и кІэух дыдэ увыпІэм щыт «ШэрджэсымР» мы гъэм етІуанэ текІуэныгъэр зыІэригъэхьэну хуэзэфІэкІащ, топ закъуэ я лъахэгъуэхэм худи-гъэкІри. Иджы «Къундетей»-р щытыкІэ гугъум ихуащ, зэхьэзэхуэм и командэ нэхъыкІищым гуп нэхъыщхьэр бжьыхьэм зэрабгъынэнур кьэпІытІатэмэ.

Иджы щыгъуаз фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и иужьрей джэгуГъуэм кьрикІуа бжьгъэхэм: «ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Союз» (Сэрмакъ) - **4:1**, «Бедик» (Арщыдан) - «Керт» (Къэхъун) - **1:3**, «Къундетей» (Шэджэм) - «ШэрджэсымР» (Шэджэм) - **0:1**, «Хьэтіохъущыкъуей» (Хьэтіохъущыкъуей) - «Родник» (Псынэдахэ) - **0:1**, «Нарт» (Нарткъалэ) - «Тэрч» (Тэрч) - **1:2**, «Нартан» (Нартан) - «Псыкуэд» (Псыкуэд) - **6:7**, «ИслЪэмей» (Исльэмей) - «Налшык» (Налшык) - **2:0**, «Автозапчасть» (Бахьсэн) - «Малка» (Малкэ) - **3:0**.

Щэбэтымрэтхьэмахуэмрэзэхэтыну джэгуГъуэм щызэІущІэнущ «Налшык» - «Хьэтіохъущыкъуей», «Малка» - «ИслЪэмей», «Псыкуэд» - «Автозапчасть», «ШэрджэсымР» - «Нартан», «Родник» - «ЛогоВАЗ», «Тэрч» - «Къундетей», «Керт» - «Нарт», «Союз» - «Бедик» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	14	12	1	1	56-11	37
2.	«ИслЪэмей»	14	10	2	2	40-16	32
3.	«Налшык»	14	9	1	4	34-20	28
4.	«Тэрч»	14	8	2	4	28-20	26
5.	«Хьэтіохъущыкъуей»	14	7	2	5	30-28	23
6.	«ЛогоВАЗ»	14	7	1	6	31-35	22
7.	«Псыкуэд»	14	7	1	6	47-46	22
8.	«Союз»	14	6	3	4	39-42	21
9.	«Малка»	14	6	2	6	36-33	20
10.	«Родник»	14	6	2	6	27-31	20
11.	«Нартан»	14	6	1	7	25-34	19
12.	«Нарт»	14	4	3	7	28-31	15
13.	«Керт»	14	4	2	8	22-29	14
14.	«Къундетей»	14	3	2	9	27-41	11
15.	«Бедик»	14	2	1	11	27-52	7
16.	«ШэрджэсымР»	14	2	0	12	11-39	6

КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэр, «КъБР-Медиа» къэрал кІэзоно Іуэхущапіэм, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къабэрдей-Балъкъэр» программэхэр къэзыт телекомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «КъБР-Инфо» хъыбарегъащІэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, «Тетраграф» жэуап зэхэгъэщхьэхуКІа зыхь зэгухьэныгъэм я лэжьакІуэхэр **Къарэжь Викторие Валерий и пхъум** хуогузавэ абы и адэ **Ныр Валерий Хьэбыж и къуэр** зэрылІам кьыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэпыдэж Замирэ, ЩхьэщэмыцІ Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущапіэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; узыншагъэр хъуэнэныкъо экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъынынр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэныкъмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокуэ Залинэ,** *редактор* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **ЩоджэкІ Заирэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Нэуэкьокъуэ Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Дол Маринэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.173 ● Заказ №707